спектакль сахналастырған болып, олар: Мольердиң «Скапенниң ҳийлеси», А.Н.Островскийдиң «Жарлылық айып емес», В.Вишневскийдиң «Биринши атлы армия», спектакллери еди. Спектакллердиң биреўин О.Пижова сахналастырған болса, бирин В.Бибиков, және биреўин О.И.Романовскийлер сахналастырады. «Биринши атлы армия» спектакли Төрткүл қаласында ойналғанында халық тәрепинен жақсы күтип алынбады, себеби халықта көбирек комедия жанрына қызығыўшылық жоқары еди».

“Усы үш спектакльди халыққа көрсетип, театрды профессионал актёрлар менен тәмийинлегени ушын республика басшылары ҳәм халқымыз буларға разы болып, алғыслар айтқан. О.И.Пижоваға “Қарақалпақстан АССР халық артисти” атағын береди” Бул жас әўладтың сахналастырған үш спектаклинен кейин, жаңаша көз қараслар пайда бола баслады. Театрдың ишки тәртип-интизамын, ондағы режиссёр ҳәм драматурглерге хүрмет қаратыў, театрда қойылатуғын ҳәр қайсы спектакльге ҳәммениң күши теңдей жумсалыўына итибар әдеўир дәрежеде өсти. Театрдың ески түрдеги афиша орнына жаршылардың шығап дағазалаўына шек қойылды, суфлёрлар түп тамыры менен алып тасланды, драматургтиң күш қүдиретин көрсетиўде режиссёрлар үлкен роль атқаратуғынлығы сол дәўирде айқын көзге түсе басланды.

**Әдебиятлар**


1. Алланазаров Т. “Қарақалпақ театрында миллий режиссураның қәлиплесиўи” – Нөкис: «Билим», 14-15-б.
2. Ансатбаев Н. “Театр ҳәм актёр”. – Ташкент: «Наврўз», 2020, 30-31-36-б.
3. Баяндиев Т. пенен сәўбет. 2018-жыл 28-ноябрь.
4. Пыжова О.И. “Призвание” –Москва: «Искусство», 1974. –С. 320-323. (Н.Ансатбаев “Театр ҳәм актёр”. –Тошкент: «Наврўз», 2020, 35-б.)



**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақолада Қорақалпоқ театрининг профессионалликка ўтишида дастлабки одимлар, ГИТИСда қорақалпоқ театр студиясининг очилиши ва унда таълим олган қорақалпоқ ёшларининг хатти-ҳаракатлари, Пижова ва Бибиковларнинг студия учун борини берганлиги атрофлича тадқиқ қилинган.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье подробно исследуются первые шаги перехода каракалпакского театра к профессионализму, открытие каракалпакской театральной студии в ГИТИСе и поведение обучавшейся там каракалпакской молодежи, посвящение Пижовой и Бибикова студии.

**SUMMARY.** This article is thoroughly studied the first steps in the transition of the Karakalpak theater to professionalism, the opening of the Karakalpak theater studio at GITIS and the behavior of the Karakalpak youth who studied there, Pijova and Bibikov's dedication to the studio.


# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНДА ЭКОНОМИКАЛЫҚ РЕФОРМАЛАРДЫҢ БАСЛАНЫЎ ҲӘМ ЖӘМИЙЕТЛИК-ЭКОНОМИКАЛЫҚ ДҮЗИЛИСТИҢ ӨЗГЕРИЎИ


**А.К.Сарыбаев** – *тарийх илимлериниң кандидаты*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** бозор иқтисодиёти, ижтимоий-иқтисодий вазият, Орол экологик ҳалокати, иқтисодий ислоҳот, миллий иқтисодиёт, бозор инфратузилмасини шакллантириш, давлат мулкини хусусийлаштириш, кичик бизнес ва тадбиркорликни ривожлантириш.

**Ключевые слова:** рыночная экономика, социально-экономическое положение, Аральская экологическая катастрофа, экономическая реформа, народное хозяйство, формирование рыночной инфраструктуры, приватизация государственной собственности, развитие малого бизнеса и предпринимательства.

**Key words:** market economy, socio-economic situation, Aral ecological catastrophe, economic reform, National economy, formation of market infrastructure, privatization of state property, development of small business and entrepreneurship.


Өзбекстан Республикасы сиясий ғәрезсизликке ерискеннен соң бурынғы совет дүзими дәўириндеги экономика тийкарын қураған режелестириўши сиясаттан ўаз кешти ҳәм экономикалық ғәрезсизликке ерисиў мақсетинде базар қатнасықларына өтиўдиң өз моделин ислеп шықты. Онда экономиканы реформалаўдың тийкарғы стратегиялық мақсети – адамлар турмысы ҳәм хызмети ушын зәрүр шәрт-шараятларды тәминлейтуғын, күшли ҳәм турақлы раўажланып барыўшы экономикалық хожалық системаны пайда етиў Өзбекстанның алдында турған әҳмийетли ўазыйпалардың бири болды. Бирақ бул илажларын әмелге асырыў ғәрезсизликтин дәслепки жылларында аңсат емес еди. Суверенитетке ерисиў жолында Өзбекстан Республикасы хәм оның қурам бөлеги сыпатында Қарақалпақстан Республикасы қыйыншылықларға дус келди.

Аўқамның экономикалық сиясаты натийжесинде бурынғы советлик хожалық системаның экономикадағы аўыр ақыбетлери – административлик-буйрықпазлық басқарыўдың методлары, экономиканы қатаң жобаластырыўы ҳәм улыўмалык меншиклестириў принциплери бул барлығы өз нәўбетинде елдин экономикасын тураклы раўажланыўы ушын унамсыз кери тәсирин тийгизди. Сондай-ақ, сол дәўирдеги республика экономикасы бир тәреплеме, тийкарынан аўыл хожалық шийки зат өндирисине бағдарланыўы, Арал экологиялық апатшылығының аўыр ақыбетлери бул региондағы жағдайды буннан да бетер кескинлестирди.

Ғәрезсизликке ерискен ўақытта Қарақалпақстан экономикасында дерлик барлық тараўларда өндиристиң пәсейиўи көзге тасланды. Экологиялық апатшылық ақыбетинде балық аўлаў ҳәм қайта ислеў тараўы жоғалып, аўыл хожалығы топырақтын күшли шорланыўы ҳәм онын қурамында пестицид пенен химикатлардын жоқары концентрацияға жетиўи салдарынан дағдарысқа ушырады. Республика экономикасы оғада аўыр дәрежесине түсиў нәтийжесинде, халықтын, әсиресе аўыллық жерлерде жасаўшылардың күн-көриси ҳәм турмыс шараятлары төменледи, онысыз да жетилиспеген социал-мәдений инфраструктураның тозыўы жетти, аўыл хожалығының егислик жерлеринин мелиоративлик жағдайы ҳәм өнимдарлығы пәсейди.

Аўыл хожалығы өнимлерин жетилистириўге бағдарланған өндирис тараўлары да халықтың талапларын илимий тийкарланған азық-аўқат нормаларына сай түрде қанаатландырылмады. Халықтың аўқатланыў рационының надурыс балансta болыўы, ишимлик суўы сапасының төменлиги, экологиялық жағдайдың төменлесиўи - булардың барлығы халықтың турмыслық шәраятлары менен ден саўлығына унамсыз тәсир жасады.

Аўыл хожалығы менен тығыз байланыслы болған Қарақалпақстан санааты ғәрезсизликтиң қарсағында халықтың жан басына санаат өнимлерин ислеп шығарыў бойынша улыўма көрсеткишинен артта қалды. Орын алған қатаң Аўқамның орайласыў сиясаты ақыбетинен бай минерал-шийки зат ресурсларының болыўына қарамастан, республика өндирис күшлериниң ең әўеле аўыл хожалығына бағдарланып бир тәреплеме раўажланыўына алып келди. Сол ўақытта Қарақалпақстанға сырттан 80% тен аслам халық хожалығы ҳәм тутыныў буйымлары алып келинди [1:125]. Бирден-бир экономикалық дүзимниң ыдыраўы барлық аўқамлық республикаларды кескин экономикалық кризиске дуўшар етти. Бул ўақытта Қарақалпақстанда финанс ҳәм стратегиялық жақтан, әҳмийетли ресурсларының дефицитин бастан кеширмекте еди. Хожалық байланысларының үзилиўи, дәстүрий базарлардағы талаптың төменлеўи, төлемлер

менен қыйыншылықлар үлкениң экономикасын аўыр аўҳалға салды.

Базар экономикасына өтиў дәўиринде Қарақалпақстан Республикасы халық хожалығын турақластырыўдың илажларын әмелге асырыўда экономикалық реформаларды турмысымыздың барлық тараўларында енгизиўге қаратылды. Қабыл етилген базар қатнасықларын раўажландырыўдың хукықый тийкарын қурайтуғын нызамлардын турмысқа асырылыўын тәмийнлеўге қаратылған бир қатар хукимет қарарлары турмыска асырылды.

Жоқарыда келтирилген республиканың экономикасының аўыр басланғыш жағдайларын есапқа алып Қарақалпақстан Республикасы Өзбекстан Республикасының ажыралмас бир бөлеги есабында ғәрезсизликтиң дәслепки жылларындағы қатаң кризис шәраятларында қаржы ҳәм кредит системасын турақластырыўға мүмкиншилик беретуғын нәтийжели базар механизмлерин орнатыў, хожалық өндирисиниң пәсеңлеў пәтлерин тоқтатыў, оны структуралық жақтан өзгертиў ҳәм экономиканың бир тәреплеме раўажландырыўына бағдарланғанлығынан кутылыў жетекши бағдар болды. Бул 1993-жылы Жокарғы Кенесинин XIII сессиясында кабыл етилген «1993-2000-жылларда хәм 2005-жылға шекемги дәўирде Каракалпакстан Республикасынын экономикасы ҳәм социаллық тараўын раўажландырыўдың тийкарғы бағдарлары» ҳүжжетинде өз сәўлелениўин тапты [2:1]. Усы концепция социаллық тараўдағы өзгерислерди аңлатып ғана қоймай, сондай-ақ Қарақалпақстандағы өндирис структурасын өзгертиўдиң, республиканың социал-экономикалық раўажланыўда алдыңғы қатарларға шығыўын тийкарлап бериўши бағдарлама болды. Концепция халық хожалығы системасындағы советлик режимниң аўыр мийрасын жеңип шығыўда миллий экономиканың шийки затқа бағдарланған бир жақлама бағытын өзгертиўди және де жергиликли минерал - шийки зат ресурсларын ҳәм аўыл хожалығы өнимлерин терең қайта ислеўди шөлкемлестириў тийкарында тайын өним жетистириўди мақсет етти.

Қарақалпақстан Республикасында ғәрезсизликтиң дәслепки жылларында-ақ жаңа сиясий ҳәм экономикалық шараятларды атқарыўшы хәкимият органларында структуралық ҳәм кадрлар өзгерислердин әмелге асырылыў, экономиканы реформаластырыў сыяқлы системалық қайта қурыўлар менен бир қатарда, базар инфрадүзилисин, базар қатнасықлары орталығын, оған тийисли шәраятлар дүзиў бойынша институционаллық қайта қурыўлар да белсене жүргизилди. Бунда халықтың өсиўшилик пәтлери, аўыл хожалығы тараўындағы фермер ҳәм дийқан хожалықлары, киши ҳәм орта бизнестиң раўажланыўы, мийнетке өз ўақтында ҳақы төлеў шараларының жаңа системасын ислеп шығыўды есапқа ала отырып, экономика дүзилисин қайта қарап шығыўды белгиледи. Әдетте базар инфраструктурасы элементлерине ҳәр қыйлы банклер, биржалар, мәмлекетлик қаржы, салық системасы, бәнтликти тәртиплестириў системасынан ибарат. Олар, хожалық субъектлериниң меншик түринен ғәрезсиз, ресурслардың товарлық, финанслық, информациялық түрлеринен теңдей пайдаланыў механизмин дөретиўге бағдарланған еди.

Экономикалық басқарыў усыллары өзгертилип, административлик буйрықпазлык принциплерин өзин-өзи басқарыў усыллары менен алмастырыў илажлары алып барылды. Бир қатар министрликлер ҳәм кәрханалар – концернлерге, бирлеспелерге ҳәм акционерлик жәмийетлерге айландырылды. Бас салык басқармасы дузилди. Базар инфраструктурасын реформалаў барысында Мәмлекетлик мүлкти басқарыў ҳәм исбилерменликти қоллап-қуўатлаў бойынша Қарақалпақстан Республикасы Мәмлекетлик комитети, оның бөлимшелери ҳәмме қала ҳәм районларда ҳәрекет етип баслады.

Базар экономикасы жағдайында банк дүзилисин қайта қурыў әҳмийетли бағдарларының бири болып, Қарақалпақстанда Өзбекстан бирлескен дүзилисине киретуғын, еки дәрежедеги банк тармағы дүзилди. Онда Өзбекстан Республикасының орайлық банкиниң Қарақалпақстан Республикасы бойынша бас басқармасына муўапықластырыў ўазыйпалары жүкленген еди. Усының менен бир қатар коммерциялық банклер басқармасы агросанаат ҳәм санаат-қурылыс акционерлик-коммерциялық арнаўлы банклер болып қайта дүзилди. Сыртқы экономикалық хызметтиң миллий банк бөлими пайда болды. Мийнет аманаты ҳәм республика халқына қарыз бериў мәмлекетлик-коммерциялық банки «Халық банки» болып өзгертилди. Арнаўлы акционерлик-коммерциялық банклердиң, «Тадбиркорбанк», «Асакабанк», «Алоқабанк», «Сабзаботбанк», «Заминбанк», «Туранбанк», «Савдогарбанк», «Ғаллабанк» Қарақалпақстан бөлиминиң баскармалары дүзилип, Республиканың қала ҳәм районларында усы банклердиң бөлимлери хызмет етип баслады.

Республикада товар өндириўшилер, тутыныўшылар ҳәм исбилерменлер товар ресурслары базарында еркин ҳәм тең ҳуқықлы болып қатнасыўы ушын зәрүр болған инфрадүзилисти дөретиўге бағышланып, Республикалық көтере ҳәм биржалық саўданың акционерлик ассоциацияларының кең тармағы ҳәрекет етип баслады. 2000-жыллардын басында Қарақалпақстанда жетпистен аслам майда көтере саўда кәрханалары ҳәрекет етти, олардың ишинде: 4 саўда үйи, 35 майда көтере саўда дүканы, 32 көтере саўда базарларының складлары ҳәм Өзбек товарлы-шийки зат биржасының Қарақалпақстан филиалы, 2 супермаркет халыққа хызмет көрсетти [3:450-451].

Мүлк ийелери санының өсиўине бағдарланған республикада жүргизилип атырған экономикалық реформалардың барысы базар инфрадүзилисин буннан былай да раўажландырыўға, қорлар, баҳалы қағазлар базарын дүзиўге алып келди. Республикалық көшпес мүлк биржасының, қорлар биржасының филиаллары, «Ўақыт» миллий депозитарийдиң филиалы дүзилди. Қымбат баҳалы кағазлар менен операция жүргизилетуғын брокер кеңсеси, Бизнес-инкубатор, консультациялық-аудиторлық ҳәм информациялық хызмет көрсететуғын агентлик, «Мадад» қамсызландырыў агентлиги, Бизнес-қоры, Товар өндириўшилер ҳәм исбилерменлер палатасы ҳәрекет етип баслады. Киши ҳәм орта бизнестиң раўажланыўын қоллап-қуўатлаў Фонды шөлкемлестирилип, оның тийкарғы ўазыйпалары – киши ҳәм орта исбилерменлик субъектлерине жениллетилген кредит ажыратыў, бәсекилик орталығын жаратыў мақсетинде жергиликли ҳәм сырт ел инвестицияларын тартыў, киши ҳәм орта бизнес ушын зәрүр болған инфрадүзилмени раўажландырыў есапланады [4:100].

Солай етип базар системасына өтиў дәўиринде экономиканың ҳәр қыйлы секторларында хожалық субъектлериниң жаңа шәраятларда ҳәрекет етиўине тәсир етиўши базар инфраструктурасы қәлиплести ҳәм раўажланды. Сол ўақытта Қарақалпақстан экономикасында биринши гезекте хожалық жүргизиўдиң жаңа түрлери пайда болып, бунда экономикада базар қатнасықларына басқышпа-басқыш өтиўди сәўлелендириўши басқарыўдың тийкарғы принциплери сақланып қалды. Миллий раўажланыўдың ҳәзирги дәўиринде базар инфраструктурасы базар системасының талап дәрежесине сай түрде хожалық жүргизиўши ҳәм институционаллық жақтан қайта қурылған, жумыс ислеўши ҳәм хызмет көрсетиўши түрли кең тармақлы шөлкемлер (компаниялар, фирмалар, кәрханалар) тараўына айланды.

Қарақалпақстан Республикасында базар экономикасына өтиў дәўиринде приватизация тийкарында меншик түрлерин өзгертип меншик ийеси класын кәлиплестириў, исбилерменликти раўажландырыў ҳәм экономикалық мүнәсибетлерди либералластырыўға айрықша итибар берилди. Мәмлекет мүлкин меншиклестириў зәрүрлиги базар экономикасы

қатнасықларына тийкарланған жәмийетти дүзиўдиң тийкарғы шәрти болып есапланады. Сонлықтанда Республикада базар қатнасықларына өтиў көп укладлы экономиканы ҳәм бәсекилес орталықты қәлиплестириўдиң хуқықый, шөлкемлестириў шәраятларын дүзиў мақсетинде, меншик ҳуқықы нызам менен тән алынған ҳәм қорғалады. Қарақалпақстан Республикасы Конституциясының 34-статьясында: «ҳәр бир адам меншик хуқықына ийе» деп көрсетилген, ал 51-статьясында: «Базар қатнасықларын раўажлан-дырыўға бағдарланған Қарақалпақстан экономика-сының тийкарын меншиктиң ҳәр қыйлы түрлери қурайды» - деп анық белгилеп берилген [5:17, 19].

Қарақалпақстанда ғәрезсизлик жылларындағы экономика тараўындағы биринши гезектеги ўазыйпаларынын бири мүлкти мәмлекет меншигинен шығарыў ҳәм приватизация мәселелери болып, Қарақалпақстан Республикасының «Мүлкти мәмлекет меншигинен шығарыў ҳәм приватизациялаў ҳаққында»ғы Нызамы 1992-жыл 14-декабрде қабыл етилди. Оннан алдын 1991-жыл ноябрьде Өзбекстан Республикасы Жоқарғы Совети тәрепинен «Мәмлекетлик кәрханаларды приватизациялаў ҳаққында»ғы Нызамы қабылланған еди [6:79]. Бул базар экономикасы тийкарларын жаратыўдың биринши гезектеги илажларынан болды, өйткени бул объектив рәўиште меншиктиң ҳәр қыйлы формаларының жүзеге келиўин нәзерде тутады. Сондай-ақ 1994-жыл 21-январьда қабыл етилген экономикалық реформаларды тереңлестириў илажлары ҳаққындағы ҳәм 1994-жыл 16-мартта қабыл етилген мүлкти мәмлекет қарамағынан шығарыў ҳәм меншиклестириў процессин еле де раўажландырыўдың шешиўши бағдарлары ҳаққындағы пәрманлар меншиклестириў процессине сапалық тәрептен жаңа түртки болды.

Қарақалпақстанда базар экономикасына өтиў менен ҳәр қыйлы меншик түрлери пайда болыўы ҳәм раўажланыўына кең жол ашылды. Меншиклестириў бойынша бир қанша жумыслар избе-из алып барылмақта. Экономиканың түрли салаларында ҳәм республика аймағында мүлкти мәмлекет қарамағынан шығарыў ҳәм меншиклестириў бойынша жигирмадан аслам мәмлекетлик бағдарлама қабылланып, ол бир неше басқышларда иске асырылды. Биринши басқыш – 1991-1993-жылларда жергиликли саўда кәрханалары, жәмийетлик аўқатланыў, халыққа хызмет көрсетиў тараўларының объектлери меншиклестирилди, солардан 242 объект жеке меншикке өткерилди, 92 объект - жәмийетлик меншик ҳәм арендаға берилди, ал 165 объект болса акционерлик жәмийет мүлкине айланды. Бул дәўирде жеке қурылыс фонды толығы менен приватизацияланды. Приватизациялаўдың екинши басқышы 1994-жылы басланып, жергиликли санаат ҳәм жеңил санаат, транспорт ҳәм байланыс, қурылыс ҳәм аўыл хожалығы комплексиниң объектлери, сондай-ақ ден саўлықты сақлаў тараўының объектлерин мәмлекет ийелигинен шығарыў ҳәм приватизациялаў нәзерде тутылды [7:7-8].

2000-жылға келип Қарақалпақстанда 2932 кәрхана меншиклестирилди. Бул дәўирде Республикамызда кәрханалардың 87 проценти мәмлекет системасынан шығарылып, олар тәрепинен санаат өнимлериниң 94,4 проценти, аўыл хожалығы өнимлериниң 98,6 проценти жетистирилди, қурылыс-монтаж жумысларының 90 процентке шамаласы орынланды, саўда, жәмийетлик аўқатланыў, турмыс жағынан хызмет көрсетиў тараўларындағы жумыслардың барлығын дерлик мәмлекетлик емес системадағы кәрханалар әмелге асырылды [8:2].

Солай етип мәмлекетлик мүлкти меншиклестириў бойынша алып барылған әмелий жумыслар нәтийжесинде Қарақалпақстанда меншик түрлери бойынша экономикалық дүзилислер әдеўир өзгерип, көп укладлы экономика ҳәм мүлкдарлар класы жүзеге келди. Реформалар басланғанға шекем экономика мәмлекетлестирилген ҳәм меншиктиң мәмлекетлик жәмәәтлик түрлери үстинлик қылған болса, енди меншиктиң мәмлекетлик емес түри бир қанша раўажланды ҳәм оның әхмийети күшейди.

Қарақалпақстанда ғәрезсизлик жылларындағы реформалар дәўиринде мәмлекет ийелигинен шығарыў процесси менен бирге жеке исбилерменликти әсиресе, киши ҳәм орта  бизнес кәрханаларын раўажландырыў бойынша да жумыслар алып барылды. Мәмлекетте 1995-жылы 5-январда қабыл етилген «Жеке исбилерменликти қоллап-қуўатлаўды күшейтиў ҳаққында» Пәрманы ҳәм 2000-жылы қабылланған «Исбилерменлик хызмети еркинлигиниң кепилликлери ҳаққында»ғы нызамы киши ҳәм жеке исбилерменликтиң раўажланыўы ушын және де кең имканиятларды ашып берди. Онда жеке меншик хызмети ҳәм киши бизнестиң раўажланыўы ушын жеңилликлер берилиўи белгиленген еди. Хожалық жүргизиўдиң жаңа шәраятларында бул тараўда ислеп шығарыў, товар айланысы ҳәм хызмет көрсетиў көлеми кеңейди. Бул илажлар жеке исбилерменлик ҳәм киши бизнестиң раўажланыўы ушын мүмкиншилик жаратты. 1990-жылы Қарақалпақстанда 226 киши жеке исбилерменлик субъектлери есапқа алынған болса, 2004-жылдың ақырына келип киши бизнес субъектлеринин саны 13686 ға шекем жетти, солардың ишинде 12324, яғный 90,0% киши бизнес субъектлери ҳәрекет етип турды. Сондай-ақ 1993-жылдан 2004-жылға шекемги дәўирде киши бизнес кәрханаларында бәнт болған адамлар саны 5,2 есеге өсти (9: 8). Бул илажлар исбилерменлер ушын хожалық искерлигин асырыў, сондай-ақ мийнет базарының тойыныўына унамлы тәсир етти. Меншик ийесиниң ҳуқықлары ҳәм хожейинлик сезими жеке меншик хожалығында, сондай-ақ өндиристе товар ислеп шығарыўшылардың психологиясы және минез-қулқында айтарлықтай өзгерислердиң жүз бериўине алып келди.

**Әдебиятлар**


1. Рзаев К. Республикалық социал-экономикалық раўажланыўының перспективасы. //«Вестник ККО АН РУз. 1993, №1
2. / «Вести Каракалпакстана». 1993 год 14 августа.
3. Қарақалпақстан жаңа тарийхы. – Н.: 2003.
4. Қарақалпақстан тарийхы. – Н.: 2018.
5. Қарақалпақстан Республикасының  Конституциясы. – Н.: 1993. 17, 19-б.
6. Қарақалпақстан тарийхы. – Н.: 2018.
7. ТА Министерство экономики Республики Каракалпакстан. Қорақалпоғистон мустакиллиқ йилларида. (1991-2004 йй.). – Н.: 2005.
8.  / «Еркин Қарақалпақстан». 22 февраль 2000.
9. ТА Министерство экономики Республики Каракалпакстан. Каракалпакстан за годы независимости (1991-2004 гг.). – Нукус: 2005.



**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақолада Қорақалпоғистон Республикасининг бозор иқтисодиётига ўтишнинг дастлабки давридаги оғир ижтимоий-иқтисодий аҳволи кўрсатилган. Иқтисодий ислоҳотлар жараёнида вилоят халқ хўжалигида иқтисодий бошқарув тизимининг вужудга келиши ва бозор инфратузилмасининг шаклланиши жараёнлари ўз аксини топган. Унда мулкчилик шаклини ўзгартириш, кичик бизнес ва хусусий тадбиркорликни ривожлантириш чора-тадбирлари ҳам ёритилган.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье показано тяжелое социально-экономическое положение Республики Каракалпакстан в начальный период перехода на рыночную экономику. Отражены процессы возникновения экономической системы управления и формирование рыночной инфраструктуры в народном хозяйстве края в ходе экономических реформ. Также освещаются мероприятия по изменению форм собственности и  развитию малого бизнеса и предпринимательства.

**SUMMARY.** This article shows the difficult socio-economic situation of the Republic of Karakalpakstan in the initial period of transition to a market economy. The processes of the emergence of an economic management system and the formation of a market infrastructure in the national economy of the region in the course of economic reforms are reflected. It also highlights measures to change the form of ownership and the development of small business and entrepreneurship.